



Fè yon Andoskopi Transnazal (TNE) an Sekirite

Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

Ki sa yon Andoskopi Transnazal ye?

Yon andoskopi transnazal (Transnasal Endoscopy, TNE) se yon pwosedi ki fèt ak yon tib fen ki gen yon ti kamera ak limyè sou li ke yo antre nan nen pitit ou a ak nan ezofaj oswa lestomak li. Pandan pwosedi a, yo ka pran yon biyopsi nan ezofaj la. Yon biyopsi se yon ti moso tisi, oswa echantiyon. Yo pral gade echantiyon an anba yon mikwoskòp.

Kisa w ka fè pou prepare pou pwosedi sa a?

Anvan pwosedi a, yo pral mande pitit ou a sèvi ak yon espre salin pou nen 3 fwa pa jou pandan 7 jou anvan pwosedi a pou netwaye anndan nen li. Jou pwosedi a, pitit ou a pa dwe manje anyen pandan 4 èdtan anvan pwosedi a, ni bwè anyen pandan 2 èdtan anvan pwosedi a. Li enpòtan pou vant pitit ou a vid pou anpeche l vomi pandan pwosedi a.

Ki kote y ap fè pwosedi a?

Espesyalis pwosedi pitit ou a ap rankontre avè w nan yon sal datant ki tou pre anvan pwosedi a epi l ap akonpaye pitit ou a nan sal pwosedi a. Menm moman pwosedi a fini, espesyalis pwosedi a ap vin pale avè w epi reponn nenpòt kesyon ou ta genyen. Nou ankouraje w pou w ekri nenpòt kesyon ou genyen pou founisè a pandan w ap tann nan.

Èske TNE oswa biyopsi yo fè mal?

Y ap bay pitit ou a medikaman pou angoudi nen ak gòj li pandan pwosedi sa yo pou anpeche doulè lè tib la antre nan nen pitit ou a. Gen kèk pasyan ki di yo santi yon ti kras malèz lè tib la antre nan nen ak ezofaj yo. Lè yo pran biyopsi yo, gen kèk pasyan ki di yo santi yon ti zongle, tankou yon piki moustik, oubyen yon presyon.

Kisa ou ta dwe atann apre pwosedi a?

Pitit ou a ka gen doulè nan gòj oswa nan vant apre pwosedi a. Sa a se nòmal epi li ta dwe pase byen vit apre. Si pitit ou a santi doulè ekstrèm, kontakte klinik Gastwo-Entewoloji a. Pitit ou a ka retounen manje ak bwè apre pwosedi a.

Kontakte founisè swen pitit ou a si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.